



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EGZIJE REPONS AK ANKÈT RAPID SOU LANMÒ DANIEL PRUDE

"Yèswa, mwen te gade videyo lanmò Daniel Prude nan Rocheser. Sa mwen te wè a te twoublan anpil epi mwen mande repons.

Anba Dekrè Egzekitif 147 la, ke mwen te siyen an 2015 apre lanmò Eric Garner, Pwokirè Jeneral la ap ankete epi mwen kwè tout bon li pral reyalize yon revizyon konplè sou done yo, li pral fè limyè sou sa ki te pase a epi asire li ke yo rann jistis.

Poutèt fanmi Mesye Prude lan ak kominote greater Rochester a mwen ap egzije ke yo konkli ka sa a pi rapidman posib. Pou sa rive nou bezwen koperasyon total ak rapid Depatman Lapolis Rochester (Rochester Police Department) a epi mwen kwè ke li pral konfòme li totalman".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU